



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 5 Mathematics Test, Book 1**  
**March 3–7, 2008**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **5**

**3–7 mas 2008**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.




## Egzanp A



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki longè bwòs dan yo montre anba a an santimèt?




- A 12
- B 13
- C 14
- D 15

## Egzanp B



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki mezi ang x yo montre anba a?



- A  $30^\circ$
- B  $45^\circ$
- C  $90^\circ$
- D  $150^\circ$

**RETE LA**




**1**

Genyen apeprè 925.100 kalite ensèk sou latè. Si yo te dekouvri mil lòt kalite ensèk, ki chif nan nonb lan ki ta dwe chanje?

- A** 1
- B** 2
- C** 5
- D** 9

**2**

Ki pwen nan chema anba a ki kapab konekte avèk pwen N pou fòme yon ang obti avèk rayon NJ?



- A** pwen K
- B** pwen L
- C** pwen M
- D** pwen P

***Kontinye***

**3**

Anna te konplete 87% nan kous oto Empire State. Ki fraksyon ki reprezante pati kous Anna te konplete a?

**A**  $\frac{13}{100}$

**B**  $\frac{100}{13}$

**C**  $\frac{87}{100}$

**D**  $\frac{100}{87}$

**4**

Yon chan pye pòm genyen 30 ranje pye pòm, epi chak ranje genyen 20 pye pòm. Ki kantite total pye pòm ki nan chan an?

**A** 50

**B** 60

**C** 500

**D** 600



**5**

Ki ekspresyon ki konpare kat desimal yo kòrèkteman?

**A**  $0,1 > 0,3 > 0,7 > 0,6$

**B**  $0,7 > 0,6 > 0,1 > 0,3$

**C**  $0,7 < 0,6 < 0,3 < 0,1$

**D**  $0,1 < 0,3 < 0,6 < 0,7$

**6**

Lis ki anba a montre kantite segonn ki pase ant chak goutlèt dlo nan fontenn ki nan yon plas piblik.

25, 10, 30, 25, 40

Ki kantite segonn an mwayèn ki pase ant chak goutlèt dlo?

**A** 25

**B** 26



**C** 30

**D** 36

***Kontinye***

**7**

Ki chema ki montre **egzakteman**  $\frac{2}{3}$  nan ansanm chapo ki onbraje a?

**A****B****C****D****8**

Lisa te achte yon braslè pou \$3,25, ak tout taks. Si li te bay kesye a yon biyè \$5,00, konbyen lajan pou li resevwa?

**A** \$1,25**B** \$1,75**C** \$2,25**D** \$2,75

9

Ki kantite total aks simetri ou kapab trase sou trapèz anba a?



- A 4
- B 3
- C 2
- D 1

10





Sara al te patisipe nan yon ekspozisyon chen ant 8è30 A.M. ak 3è45 P.M. Konbyen tan Sara te al pase nan ekspozisyon chen an?

- A 4 èdtan ak 15 minit
- B 5 èdtan ak 15 minit
- C 6 èdtan ak 15 minit
- D 7 èdtan ak 15 minit

***Kontinye***

11

Ki pè tryang ki kongriyan?



**12** Anthony te ekri modèl ki endike anba a.

4, 16, 64, 256, . . .

Ki règ ki dekri modèl la?

- A Ajoute 4.
- B Ajoute 12.
- C Miltipliye pa 4.
- D Miltipliye pa 8.


**13** Jolene te woule bisiklèt li sou yon distans  $1\frac{3}{4}$  mil pou ale lakay yon zanmi epi answit sou yon distans  $3\frac{1}{4}$  lòt mil pou li ale nan bibliyotèk la. Ki distans total Jolene te woule bisiklèt li an mil?

- A 4
- B 5
- C  $4\frac{1}{2}$
- D  $5\frac{1}{2}$

***Kontinye***

14

Ki perimèt poligòn ki anba a an santimèt?



[pa trase selon echèl la]

- A 35
- B 36
- C 37
- D 38

**15**

Tablo ki anba a montre kèk fridòdòy yo vann nan yon match foutbòl ameriken.

Fridòdòy Pou Vann	
Pòpkòn.....	\$3,50
Soda.....	\$2,50
Tchips.....	\$1,25
Krèm.....	\$0,75
Òtdòg.....	\$2,75

Ki lòd fridòdòy ki nan tablo a kòmanse nan sa ki **mwèn** chè pou rive nan sa ki **pi** chè a?

- A** krèm, tchips, soda, òtdòg, pòpkòn
- B** pòpkòn, òtdòg, soda, tchips, krèm
- C** krèm, òtdòg, tchips, soda, pòpkòn
- D** pòpkòn, soda, tchips, krèm, òtdòg

**16**

Longè yon drapo rektangilè nan yon pak vil la se 16 pye. Lajè drapo a se 12 pye. Ki perimèt drapo a?

$$P = 2l + 2w$$

- A** 24 pye
- B** 28 pye
- C** 32 pye
- D** 56 pye

***Kontinye***

**17** Ki valè ekspresyon  $4 + 16 \div 4 - 3$ ?

- A 2
- B 5
- C 11
- D 20

**18** Genyen kat santye pwomnad nan Water's Edge Park. Tablo ki anba a montre distans, an pye, ant kòmansman chak santye ak yon chit-dlo.

**DISTANS POU RIVE  
NAN CHITDLO A**

Santye	Distans (an pye)
1	768
2	804
3	741
4	756

Ki santye ki kòmanse sou yon distans 268 yad apati de chit dlo a?

1 yad = 3 pye

- A Santye 1
- B Santye 2
- C Santye 3
- D Santye 4




19


Done ki anba yo dekri kantite vizitè ki vini nan River Run Park.

- Apre ane 2001, kantite vizitè yo te diminye chak ane, sof pou ane 2004.
- An 2004, yo te anrejistre **pi gwo** kantite vizitè yo.


Ki grafik lineyè ki reprezante done sa yo?




A



C



B



D

**Kontinye**

**20**

Ki fraksyon ki dwe nan ti bwat anba a pou fè ekspresyon an vrè?

$$\frac{2}{3} < \square$$

**A**  $\frac{3}{4}$

**B**  $\frac{3}{10}$

**C**  $\frac{1}{6}$

**D**  $\frac{2}{5}$

**21**

Pwen ki pi wo nan Whiteface Mountain nan New York se 4.867 pye. Ki jan pou awondi 4.867 pou rive nan milye ki pi pre a?

**A** 4.000

**B** 4.900

**C** 5.000


**D** 5.900

22




Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.


Fredo te trase triyang ekwilateral yo montre anba a.




Ki triyang ekwilateral ki kongriyan avèk triyang Fredo a?




A



C



B



D

***Kontinye***


**23**

Nan yon restoran, yo te sèvi  $\frac{1}{6}$  yon tat pòm. Ki fraksyon tat la ki te rete?

- A  $\frac{1}{6}$
- B  $\frac{2}{6}$
- C  $\frac{4}{6}$
- D  $\frac{5}{6}$

**24**

Genyen kat santye bisiklèt nan Garland Park. Chema ki anba a montre youn nan santye pou bisiklèt yo. Pano a montre distans tout santye bisiklèt yo.



[pa trase selon echèl la]

DISTANS SANTYE BISIKLÈT YO	
Coaster	4,0 kilomèt
Twister	5,0 kilomèt
River Run	6,0 kilomèt
Wood Way	7,0 kilomèt

Ki santye bisiklèt chema a montre?

- A Coaster
- B Twister
- C River Run
- D Wood Way

**25** Ki ekspresyon fraksyonè ki ekivalan a  $2\frac{3}{5}$ ?

**A**  $\frac{6}{5}$

**B**  $\frac{13}{5}$

**C**  $\frac{21}{5}$

**D**  $\frac{23}{5}$

**26**







Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Ki pè triyang ki sanblab?



**RETE LA**







**Ane 5**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**3–7 mas 2008**

**Grade 5**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 3–7, 2008**